

Babad Alit

Alih Aksara

Ny. Riptosuwarno

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
PROYEK MEDIA KEBUDAYAAN JAKARTA

899.222

RIP

b

Babad Alit

Alih Aksara

Ny. Riptosuwarno

PROYEK MEDIA KEBUDAYAAN JAKARTA
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
1981 / 1982

B A B A D - A L I T

Mawi rinengga ing Gambar sarta Kar

A n g g i t a n i p u n

Raden P r a w i r a w i n a r s a

II.

J u m e n e n g i p u n C u n g k u p I n g
P a s a r e h a n K u t h a g e d h e .

A n g g i t a n i p u n

RADEN NGABEHI JAYENGPRANATA

Wedalan Balepustaka

Weltepredhen.

1921.

1. W A L E H .

Kula nuwun wiyosipun, menggah anggen kula ander cipta ngadani cariyos bab Pasarehanipun para Luhur Ratu ing Tanah Jawi ingkang sumare ing Astana Imogiri, punika mulabukani-pun makaten :

Saderengipun kula anglampahi Ayahanipun Kangjeng Gupermen dados Guru (Mantri Guru) wonten ing Pamulangan Angka II-ing Imogiri, bawah Nagari Dalem Ngayogyakarta (Nopember - 1911) punika ing batos mila sampun dangu sanget anggen kula kuwal-kuwil gadhah greget (grnjet) badhe sumerep ngiras pantes Sujarah sowan dhateng pasarehan ing Imogiri, nanging teka tansah kepambeng dening sebab ingkang kathah- kathah kemawon, mila sareng kula saged dudunung wonten ing ngriku sapinten ta, lega bingahing manah kula, teka kapinujon kaliyan esthining manah, sareng kula sampun sawatawis wulan wonten ing ngriku, lajeng ragi dhamang saerta ragi mangretos dhateng kawontenanipun sadaya, inggih punika bab lampah-lampah tuwin cara-caranipun, dene anggen kula kepengin sumerep ingkang makaten wau, sajatosipun mboten miyambaki, sampun malih cacak bangsanipun Tiyang Jawi (priyantun saha tiyang alit), Tiyang para luhur Walandi ingkang saking tanah Moncapraja kathah ingkang rawuh, namung perlu badhe-mirsa, Kerep kemawon kula manoni, kadosta : Bangsa Tuan-tuan Walandi, Inggris, Siyem, Presman lan sanes-sanesipun, sami mriku namung perlu badhe nguni-ngani, punapa malih-bangsa Jawi ingkang saking Monca, ing saben dinten sae kemawon kathah ingkang sami sajarah.

Ananging mugi andadosna kauningan, para ingkang sami badhe sumerep wau kathah ingkang cuwa manahipun, jalaran sami-kanggeg lampahipun, dening mboten kenging lumebet. Awit saking kaparengipun karsa Dalem INGKANG SINUHUN Ngayogyakarta, sampun sami paring papacak, inggih punika para ingkang sami sujarah, kengingipun malebet manawi ing dinten Jumungah kaliyan Senen, ngirasnyarengi Cundaka Dalem priyantun Jurukunci ingkang sami kautus nyaosi dhahar (Sekarlan Dupa) makaten wau ingkang kenging unjukbekti, namung ingkang taksih gadhah sesebutan Raden Mas sarta Raden Ajeng. Dene ingkang namung gadhah sesebutan Raden sarta Raden Rara sapangandhap, namung saged sowan wonten ing Palataran kemawon.

Menggah saking pranata dalem ingkang SINUHUN Ngayogyakarta ingkang kenging gadhah sesebutan Raden Mas sarta Raden Ajeng, punika ingkang Grat IV (Canggah-Dalem) saking-Panjenengan NATA ingkang sampun suwarga utawi ingkang taksih Jumeneng.

Sareng kula kerep sumerep para luhur Jawi saking karaton-kakalih ingkang sami sowan sarta marak sajarah, punapa malih para bangsa sanes kadosdene ingkang kula aturaken ing ngginggil, dados perlu kula ngandharaken kawontenanipun pasarehan, ananging namung sesaged saha sagaking manah kula kemawon, supados tiyang ingkang saking Moncapraja utawi-ingkang dereng dhamang sageda mangertos kawontenanipun lampah-lampah manawi badhe sowan Sajarah mriku.

Saréng kula wonten ing Imagiri angsal kalih-tengah Tahun , saweg saged nyariosaken sawatawis kawontenanipun ing ngriku, dene sebabipun inggih kadosdene ingkang kula aturakening nginggil wau. Puanapa malih kula kedah nerangi dhateng tiyang pribumi ingkang ragi dhamang dhateng kawontenanipun ing ngriku. Ewasamanten cariyos kula punika, kenging dipun tembungaken namung ramyang-ramyang kemawon, malah wonten - Pasarehan ingkang mboten kasumerepan asmanipun, Awit para Jurukunci dalasan tiyang sepuh-sepuh inggih mboten sumerep mila manawi wonten kikiranganipun cariyos kula, mugi para maos sami angegungna sih pangapunten.

Wondene anggen kula saged sowan lumebet dhateng Pasarehan-punika, jalaran kula taksih Grad IV saking ingkang Sinuhun Sepuh (Hamengkubuwono II) ing Ngayogyakarta. Menggah kawon tenanipun cariyos kados ing ngandhap punika.

2. P E R N A H .

Menggah pernahipun Pasarehan Imagiri punika, saking Nagari Nyayogyakarta laresipun ngidul semu ngenceng Mangetan sakedhik, tebihipun 12 pal. Manawi lampah dharat, lampahan - $3\frac{1}{2}$ lampah kareta $1\frac{1}{2}$ jam, marginipun saking Kamarbolah Ngetan sakedhik, dumugi margi pra sakawanan ing kampung Gonomanan menggok ma-Ngidul, dumugi pojok beteng Karaton ingkang Kidul-Wetan menggok Mangetan, dumugi pratigan sakilen Kreteg tungkak, menggok Ngidul terus, lajeng nglangkungi - Griya Los, inggih punika pos ing gandhok, terus Mangidul - sahengga dumugi griya los pos ing Barongan, ing ngriku menggok Ngidul Ngetan anglangkungi Lepen Opak taksih terus kemawon Ngetan, sareng dumugi sawetan Kadhistrikan Bawah Surakarta, menggok Ngidul sakedhik, lajeng menggok Mangetan terus ngenceng-enceng Ngaler Ngetan, dumugi Masjid Pajimatan, ing ngriku menggok Ngaler sarta menggok andeder redi ngantos dumugi ing pasarehan.

PENGET

Mangsuli bab lampah, manawi lepen Opak pinuju banjir, prayogi medal ing Kreteg, dene marginipun saler pos ing Barongan, sarta saking Kidulipun caket Asisten Panji ing Jetthis, menggok Mangetan, dumugi ing Dhusun utawi Pasarehan Karangsemut, menggok Mangidul anglangkungi Kreteg sarta Asisten Panji Singasaren, terus Mangidul dumugi sangajeng ipun Kadhestrikan Bawah Surakarta, tempuk kaliyan margi - ingkang rumiyin. Menggah pasewanipun ± saringgit, namung dumugi sangajengipun Kadhistrikan Bawah Ngayogya.

Manawi lampah dharat badhe pados kamayaran, prayogi num-pak Tram, saking Setatsiyun Tugu medhak ing halte Kutha-gedhe.

DUNUNGIPUN PASAREHAN.

Menggah dunungipun Pasarehan, punika wonten sapucaking Redi Alit-alit ingkang ajejer-jejer mujur Mangilén. Redi wau sajatosipun Pager Redi, inggih punika watesipun Tanah Pare den ing Apdheling Gunung Kidul ingkang sisih Kilen, kaliyan wates Ngare ing Apdheling Mataram ingkang sisih Wetan, menggah Hendhanipun Tanah Apdheling Gunung Kidul kaliyan Tanah Ngare punika kadosdene Amben kaliyan Jogan.

Salabetipun cariyos bab pernah, sampun nerangaken manawi saking Masjid Pajimat, marginipun Ngaler minggah andeder, minggahipun wau mawi undhak-undhakan Banon ingkang Etrapipun miring. Dene kathahipun wonten : 164 pancadan, satung-gal-tunggalipun undhak-undhakan wonten : 1,9 d. M. dados inggilipun siti Pasarehan saking Masjid Pajimatan ± 69,16 M. Sitinipun wujud lempung abrit, utawi wonten ingkang cemeng lincat, wonten ugi ingkang kawoworan Gamping. Pramila manawi mangsa rendheng, undhak-undhakan wau lunyu, jalaran kilen toya ingkang ambekta waled siti lempung. Dene manawi wonten risakipun undhak-undhakan, ingkang mulyahaken inggih ingkang kabebahan, awit margi wau sampun bebah-bebahan ing Ngayogyakarta lan Surakarta.

4. PAMEDAL.

Pasarehan wau sampun kula terangaken ba kawontenanipun Päsiten, sarehning kathah ingkang kawoworan gamping, mila pamedalipun Pantun sarta Palawija kirang sae. Ananging ngriku punika bab kawontenanipun Krowodan kalebet mirah sarta kathah, sabab dhak-dhakan saking Apdheling Gunung Kidul. Pnggaotanipun ingkang ageng ing ngriku : Bathik, menggah ingkang ambatihik punika mboten ngemungaken tiyang Estri kemawon, dalasan tiyang Jaler, lare jaler estri inggih sami anggaota ngobeng utawi ambathik gadhahanipun piyambak. Bathikan wau manawi pinuju dinten pekenan ing Nagari (Wage Paing), sami dipun kilak ing Bakul, terus kabekta dhateng-Nagari ngantos atusan. Ananging sapunika titiyang ing ngriku sami narimah Nyerat Nembok Seratan Cap-capan. Ing ngriku inggih kathah tiyang ingkang dados pandhe, sami damel Arit lan Pacul, saha misuwur padamelanipun. Pandhe-pandhe wau kathah ingkang turunipun Kiayai Hemptu Cindhehamoh. Inggih punika Abdidalem Hemptu Nalika Jaman Karaton ing Nata (Sultan Agung).

Wonten malih ingkang sami damel lempeng Ketan, keta, kangege sudhiyan dhateng para ingkang sajarah mriku, Ulam Loh manawi pinuju unsum inggih kathah sarta ageng-ageng, wedelan saking Lepan Upak.

5. LEPEN OPAK.

Lepen Opak punika sami-sami Lepen ageng ing tanah Jawi a-neh piyambak, awit manawi mangsa Ketiga, ilinipun toya alit sangat, mboten beda kaliyan kalen, ananging manawi mangsa rendheng sarta pinuju banjir ageng, toyanipun ageng sangat sarta santer. Tiyang ingkang langkung ngriku kedah ambaita tambanganipun 1 ngantos 15 sen, mawi-mawi ageng alitipun-toya. Mila manawi ageng makaten, ing mangka wonten layon, inggih susah sangat, awit layon wau kedah kasabrangaken, mboten kenging kaemot ing baita, sampun nate kalampahan ingkang kados makaten tiyang ingkang nyabrangaken layon, ngantos kantun sirahipun ingkang katingal, terkadhang lep sirahipun ngantos kacakan toya, awit sanajan dhasaripun lepen Wedhi, ewa samanten mboten saged waradin (-leter), ing gih punika pating pandukul, ambok manawi manut Ombak umbuling toya. Wonten kaelokanipun malih, inggih punika yen toyanipun ageng sangat, asring wonten alunipun, lampahipun wonten ing tengah anggaleng (dede ombak babanyakan). Lhayen pinuju wonten alunipun makaten, tiyang ingkang sami badhe ambaita kedhah ngentosi icalipun alun rumiyin, dene ti yang ing ngriku maštani alun : Bantheng, ingkang muta-watosi sangat dhateng lampahing baita. Ing mangka sabrangan lepen Opak ing I m a g i r i , punika kaliyan saganten (sungapan) tebihipun watawis $2\frac{1}{2}$ Pos. Mila kula piyambak inggih gumun, dene ing ngriku wonten alunipun.

Mila kaparengipun karsa Dalem Sampeyan Dalem INGKANG SINUHUN KANGJENG SULTAN ing Ngayogyo ingkang kaping VII Yasa-Kretek. Menggah ingkang dipun Kreteteg sabrangan sakiduli-pun Pos Karangsemut, tebihipun saking pasarehan kadugi $1\frac{1}{2}$ pal, Kreteg wau ingkang kapatihang anggarap Water Stat, klayan waragad : 27000 Rupiyah. Wiwitipun anggarap wonten-akhiripun Tahun 1912 rampungipun wonten pungkasaning tahun 1913. Ing ngriku mitulungi sangat dhateng tiyang ingkang-lalampah, sanajan banjir ageng kareta saged dumugi ing Imagiri. mBoten sanes saking pamuji kula kreteteg wau sagede-awet awit lepen Opak wau sampun rambah-ambah ngrisakaken-Kreteg Sepur.

Lepen Opak punika tukipun saking lengkehing Redi Merapi-ingkang Kidul Wetan, lumampah mangidul kejogan lepen sanes sanesipun, tumunten wutah ing saganten. Manawi pinuju banjir ageng tempuripun lepen Hoya saged damel kasusahanipun-tiyang padhusunan, awit lepen toya punika inggih ageng na-nging lampahipun remben ngembleng. Rehning lampahipun lepen Hopak punika santer ambanting, mila manawi pinuju banjir makaten, sabin sarta padhusunan bawah Asisten Panji-tunggalan, dalah Krajanipun Kaonderan saged kelem ngantos-lebetipun toya $1\frac{1}{2}$ Elo.

6. ABDIDALEM JURUKUNCI.

Sarehning Pasarehan Imagiri punika Luluhuripun Panjenengan Dalem Nata kakalih, Ngayogyo lan Surakarta, mila sami maringi Jurukunci Pangkat Bupati Anom, ngerehaken Kaliwon,

Panewu sarta Mantri Jurukunci, Wewenangipun ngreksa Pasa-rehan Dalem, sarta manawi wonten botol-borotipun kedah lapur dhateng Nagarinipun piyambak-piyambak, manawi dinten Senen wiwit jam pitu dumugi jam sanga enjing, sarta ing Dinten Jumungah wiwit jam satunggal dumugi jam kalih siyang, perlunipun reresik sarta ngunjukaken dhahar saking-Karaton kakalih, wujud sekar kaliyan dupa. La*h* ing wektu punika para ingkang badhe sowan sujarah saged malebet, nanging sampun kasupen, ingkang kenging sahos bekti namung ingkang taksih Grad IV, dene sanesipun namung wonten ing palataran kemawon.

Manawi garebeg Mulud, para Jurukunci sawadanipun sami so wan tugur dhateng Nagarinipun piyambak-piyambak, Nanging-ugi wonten ingkang kapatah nengga ing Pasarehan. Dene manawi Garebeg Besar sarta Sawal (Riyadi) namung sami sowan-Garebegan dhateng Pasarehan kemawon, manawi Garebeg Sawal sowanipun rambah kaping kalih, ingkang sapisan tanggal sapisan Sawal, inggih punika ingkang sinebut Garebeg Ageng, Ingkang kaping kalih, tanggal kaping pitu Sawal, ingkang-sinebut Garebeg alit, Menggah panganggenipun para Jurukunci manawi pinuju makaten, inggih kaprabon kados dene manawi sowan Garebeg dhateng Nagari.

Manawi Garebeg ageng (Wulan Sawal tanggal sapisan) kathah tiyang ingkang ningali ngantos ewon-utawi atusan. Terka-dhang wonten tiyang Ngamonca ingkang ningali ngiras pantes sujarah. Sadaya wau sami mangangge pameran, mila inggih asri sarta rame. Manawi mboten Dinten ageng makaten, para jurukunci wau sami giliran saos (tungguk) wonten ing Pasarehan kanthi babau kepedhak sarta ingkang dipun sebut konca tungguk.

Manawi pinuju wonten layon, panganggenipun para Jurukunci-Ngayogya kadosdene sowan Garebegan. Yen ing Surakarta kadosdene manawi sowan saos ing dinten Senen lan Jumungah. Dene yen layon wau putra-Dalem utawi Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, agengipun INGKANG SINUHUN, para Jurukunci kedah sowan sadaya, sarta methuk ngantos dumugi ing Lepen Opak.

Para Jurukunci ing Ngayogya lan Surakarta kathah ingkang-manggen ing Pajimatan, namung Bupati Wadana Jurukunci sami wonten ing Imagiri manggen ing griya Kabupaten (Griya kongsen).

7. TATA CARA.

Manawi wonten sakukubaning Pasarehan ngriku, tiyang-tiyang ingkang sami mboten mastani ing Pasarehan anu, nanging ing Kadhaton Anu.

Upaminipun kadosta : Kadhaton SULTAN AGUNGAN, Kadhaton PA-KUBUWANAN, makaten sapiturutipun, mila sadaya ingkang seba sujarah, priyantun ageng utawi tiyang alit, kedah mangange sacaranipun lumebet dhateng Kadhaton Ngayogya lan Surakarta.

Dene para bangsa Tuan-tuan Walandi manawi badhe sujarah - dhateng Imagiri, kedah pratela rumiyin dhateng kapatihan, mangke paprentahan Kapatihan lajeng ambaktani karecis. tumrapipun putra utawi wayah Dalem ugi amratela dhateng kapatihan, mangke paprentahan Kapatihan lajeng dha'uh dhateng ing Imagiri, nindakna ing saperlunipun. Yen mboten makaten (tanpa pratela dhateng Kapatihan) mesthi ingkang sami sujarah wau mboten sageg lumebet. Wewenanging lumebetipun para Tuan Walandi, tumrapipun dhateng kadhaton SULTAN AGUNGAN namung kenging dumugi ing supiturang. Manawi dhateng kadhaton sanesipun, kenging namung dumugi ing palataran. (Sri manganti). Manawi para Tuan-tuan Walandi wau apangkat Residhen utawi Asisten Residhen kasebut dhawuh saking nagari Surakarta, tumrap dhateng Kadhaton SULTAN AGUNGAN kenging lumebet dumugi Palenggahan, (Palataran sapisan saking nglebet). Dene manawi dhateng kadhaton sanes-sanesipun kenging lumebet pisan. Ananging ingkang sampun kalampahan sarta - ingkang sampun kula sumerepi, para tuan-tuan wau inggih namung dumugi ing Supiturang.

Para Jurukunci manawi badhe ambikak Kori Kadhaton, inggih punika yen badhe saos Sekar lan Dupa ing dinten Senen lan Jumungah. Ingkang rumiyin dudupa sarta Tahlil, sampunipun-menga, lajeng tebah-tebah sarta pupujian. Nalika punika para ingkang unjuk bekti (canggah sapanginggil) sami nyarengi. Sarehning Kadhaton SULTAN AGUNGAN punika peteng sangat, dados kedah ngangge Dilah Lilin.

8. TAKSIH SALEBETIPUN BAB TATA CARA

Manawi wonten layon.

Manawi wonten layon saking Surakarta, kedah kasepuraken mirungan, (Extratrein). Medhakipun wonten ing Setatsiyun: N.I.S. ing Lempuyangan, kapethuk para abdidalem ing Ngayogyo ingkang sami agantung Pasisiran (Kabebahan gadhah lampah Nagari), Sasampading panatanipun lampah, lajeng mangkat - dhateng Pasarehan Pasar Gedhe, sarta wonten ing ngriku nya re sadalu, enjingipun lajeng terus dhateng Pasarehan Imagiri. Mengkah uparengganing layon, punika beda kaliyan layon saking Ngayogyakarta. Yen layon saking Surakarta, punika Kapethi kados dene layoning bangsa Walandi, sarta mawi kareta ingkang pinajang peni. Manawi layon saking Ngayogyo sanajan layonipun INGKANG SINUHUN, taksih bares Cara Jawi Kina.

Salebetipun kula wonten Imagiri meningi layon Dalem Kang - jeng Gusti Pangeran Adipati Anom ing Ngayogyo, ing ngriku Kaprabon sarta Ampilan ing Kadipaten Anom Kaampil para Abdidalem Manggung, dalasan Songsong sungsun tiga lan sapanunggalanipun inggih kadherekaken. Dados Ampilan ing Kadipaten Anom cekakipun keriglampit, punapa malih kaurung - urung para prajurit wolung Gendera, namung prajurit Mantri jero ingkang mboten.

Layon kaayap para pangeran saha Patih Kadipaten Anom saanhahanipun, winewahan Abdidalem ing Kasepuhan ingkang agan tung Pasisiran, dalasan kalangenan-Dalem (Ingah-ingahan - ingkang kacelak) inggih kadherekaken. Menggah uparengga ning layon bares cara Kina. Anamung kebak gugubahan sekar pisungsung saking para tuan-tuan Walandi. Kaleres nginggil ing ngajeng katumpangan Agem-ageman Dalem Cara Walandi cemeng (Luitenant Colonel), dalasan Ageman-Dalem Rante harloji ingkang saking Barleyan rinonce, katingal pating kalepyur. Nalika punika untabipun para ningali mboten kanten kantenan kathahipun, ngantos ing Imagiri kebak gebel bentet tiyang.

Sasampunipun sumare. Abdidalem Prajurit Katanggung sami tugar laminipun ngantos tigang dinten wonten Sri-Manganti - (Pasarehan). Ing sadangunipun tugur, saben jam : 6 enjing sonten, sarta jam : 8 dalu sami ngungelaken tambur kados sacaranipun manawi sahos wonten ing Kadhaton. Dene manawi ingkang seda wau INGKANG SINUHUN, ingkang tugur Prajurit - Mantri Jero, laminipun ngantos pitung dinten.

(Layonipun KANGJENG RATU PAMBAYUN Tahun 1917) Taksih cara Kina).

TIYANG PRIBUMI ing IMAGIRI

Caranipun tiyang ing ngriku punika, manawi kesripahan, tamtu nyegah nedha utawi nyamikan dhateng ingkang sami nglayat Dene manawi wonten tangga utawi sanak sadherek ingkang manjurung (nyumbang) punika dumuginipun wilujengan mitung diten, kedah dipun angsul-angsuli sekul salawuhipun, dados - manawi kesripahan, kenging kula wastani: Kepalung kepen - thung, awit sampun ngedalaken waragading mayit, kawewahan ngedalaken sesegah tur dipun embel-embeli angsul-angsuling dhateng tiyang utawi sanak sadherek ingkang sami manjurung. Inggih tumrapipun tiyang ingkang wonten mboten pados ngrekaos, wangsul tumrap dhateng tiyang ingkang sarwa kirang, punapa mboten andadosaken kasusahan ingkang ageng. Dene wontenipun lalampahan ingkang makaten wau jalaran ing ngriku kathah kuburan ingkang wonten ing redi, dados manawi damel kaluwat pendhudhukipun dangu, amargi saking angelipun, sanjaring lajeng tular-tumularipun, sanajan kuburan wau wonten ing Ngare, ingkang sitinipun empuk, tiyang ingkang kasripahan inggih lajeng anut tata cara kados ingkang kula andharaken ing nginggil, mawi nyegah lan sanes-sanesipun. Kula sampun nate badhe dhamel pakempalan-pakempalan praleenan, tujuning sedya badhe ngicalaken bab sesegah, nanging mboten kadadosan, awit garunengipun : wong ngriki ngoteni-ku empun carane, Sigege.

Para Pribumi ing ngriku anem sepuh kathah ingkang sami gaduh sasakit patreh sarta bubul, saking kathahipun sasakit wau ngantos dipun anggep sasakit limrah (wong wis ganjara-

ne dhewe-dhewe), tandhanipun awissanget tiyang ingkang am-budidaya murih sirnaning sasakit wau. Ingkang makaten wau andadosaken kirang majenging dhateng pamulangan, awit sa-weg nengah-nengahi sinau, lajeng kataman sasakit pathek - utawi bubul, dados kapeksa sigeg pasinaonipun.

Caranipun para Jurukunci manawi gadhah damel mantu, teta - kan utawi sanes-sanesipun, Yen ing ngayogya namung cekap - jagongan, (lenggahan) slawatan, maos prajanji kemawon, mbo ten pisan-pisan kenging mawi Gongso, ananging manawi ing - Surakarta, kenging uyon-uyon utawi nanggap ringgit, wacucal malah wonten ingkang ngantos anggadhahi Ringgit Wacucal.

K A P U L I S E N .

Sarehning Nagari Surakarta punika kagungan Siti wonten ing Imagiri kathahipun : 133 3/4 jung, mila maringi Pulisi a-pangkat Apangkat Panewu Distrik, ngerehaken Carik kathah , ingkang ongkal ngiras ngrakep Demang, Upas sepuh kakalih, (Kajineman) Upas nem wolu (Jaga westhi). Wontenipun Papren tahan sumampir dhateng paprentahan Ngayogya, nanging bab - babagan prakawis Siti kedah dhateng Surakarta. Pulisi ing ngayogya ingkang wonten ing Imagiri apangkat Panji Distrik kanthi Carik kaliyan Upas ngalih, Upas buwi kalih. Ambawa-haken Asisten Panji (Onder Distrik) kalih.

Mangsuli Siti Surakarta, ingkang wonten ing Imagiri, siti samanten wau sami kaparingaken anggadhuh dhateng Wadana Ju rukunci saandhahanipun, sarta dados Sabin Narawita.

Ing salebetipun tahun 1917 siti-siti ingkang gumadhuh wau badhe kapundhut ing Nagari, dene ingkang anggadhuh badhe - kaparingan balanja. Menggah siti narawita punika, pamedali pun kangge sudiyan nyegah tamu, manawi wonten tamu saking Surakarta, makaten malih rehning siti bawah Surakarta wau-wonten ingkang Wana Pajatosan, dados dipun paringi Demang Pangalasan kalih.

INGKANG MURWANI YASA PASAREHAN IMOGIRI

Menggah ingkang amurwani yasa pasarehan I m o g i r i , pu-nika INGKANG SINUHUN KANGJENG S U L T A N A G U N G H A-N Y O K R O K U S U M O ingkang hakadhaton ing Karta, Ma-taram, inggih punika ingkang kalok INGKANG SINUHUN SULTAN AGUNG, kaleres putra Dalem INGKANG SINUHUN SULTAN HANYOKRO WATI, ingkang ha-Kadhaton ing P a l e r e t , inggih punika ingkang sinebut Ingkang SINUHUN SEDA KRASYAK. Utawi kaleres wayah Dalem ingkang INGKANG SINUHUN KANGJENG SUSU HUNAN B A L E K A J E N A R ing Mataram, inggih punika-KANGJENG PANEMBAHAN S E N O P A T I utawi Ngabehi SUTO - WIJOYO, Demang Loring Pasar Jaman Karaton P a j a n g .

Wiwitanipun panceñ ingkang karancang badhe kagéñ pasarehan (Genthán) punika ing Redi Giri laya, menggah Redi-Girilaya punika, Redi alit kaprenah saler Wetanipun kalayan Pasarehan Imagiri, tebihipun watawis: $1\frac{1}{2}$ pal, nalika ngada ni yasa Genthán wonten ing Girilaya wau INGKANG SINUHUN UN karsa nyalirani anjenengi piyambak. Kacariyos sareng saweg nengah-nengahi yasa Paman Dalem KANGJENG PANEMBAHAN-JUMINA H nusul badhe pariksa yasan Dalem Genthán wau ndilalah saking karsaning Allah KANGJENG PANEMBAHAN wau an dadak gerah lajeng seda, saking karsa Dalem, paman Dalem-wau lajeng kasarekaken wonten ing ngriku, ingkang makaten wau, andadosaken cuwaning panggalih Dalem. Awit karumiyinan Paman-Dalem. Punapa malih lajeng ngosikaken panggalih-Dalem : Upami akhiripun salira-Dalem saestu sumare wonten ing Giri laya, manawi putra wayah Dalem sami andherék sumare, saesthu badhe sesak papanipun, awit ing Giri-layu wau kirang omber. Mila lajeng yasa Genthán malih wonten ing Imogiri punika, sarta salira Dalem ugi anjenengi-malih, 1) Ing nalika yasa punika para kawula Dalem ingkang sami nyambut damel kathah sanget, sarta bebah-bebahana pada melanipun, sasampunipun papan dados, lajeng yasa Dalem ageng (cungkup) ingkang pinageran gebyok mubeng, menggah gebyok wau ingkang kadamel kajeng Pungle, asalipun saking tanah Palembang Pulo Sumatera. Ingkang andadosaken ngungun-ing manah kula: Gebyok wau sanajan sampun atusan tahun, dumugi sapriki (1917) katingal taksih sae sarta santosa kacariyos sareng Dalem ageng wau sampun meh rampung, SULTAN CI REBON ingkang andherék dandos-dandos, andadak seda wonten ing ngriku, layon lajeng kasarekaken wonten ing Girilaya-nunggil KANGJENG PANEMBAHAN JUMINA H, kasebut ngajeng, kaprenah sa-Wetanipun.

Kacarios Dalem Ageng (Genthán) wau, sareng sampun dados kapacak sae, Kaentha sacaraning Kadhaton. Ing ngajeng Ler pa sowanan kaparingan Enceh saking Tanah Acih, sarta pinariangan taneman wit Cengkeh. Sakidulipun Supit Urang, pinariangan Balumbang sarta kinaretèg, ingkang kilen toya saking-tuking Bengkung. Kacariyos wonten ing Serat babat Nitik, tuking Bengkung wau ingkang Yasa KANGJENG SUNAN KALIJOGO.

PASANGGRAHAN ING IMOGIRI

Sareng yasa Dalem Genthán sampun dados, lajeng Yasa Dalem Pasanggrahan wonten ing dhusun Imogiri, Dhusun wau kaprenah wonten sa-Kilenipun Genthán, tebihipun watawis satengah pal, Dalem ing Pasanggrahan wau ing sapunikanipun namung-kantun tilas, malah kaejrakan Griya pagantosan Gupremen, namung kantun pager banonipun sawatawis ingkang taksih. Sa kilenipun Dalem pasanggrahan wau wonten ara-araniipun, ingkang lajeng pinetha alun-alun alit sarta ing tengah katane man wit Waringin kakalih. Kacariyos rumiyinipun saben ing dinten Senen kaliyan Jumungah, yen INGKANG SINUHUN miyos mriku; alun-alun wau kagéñ watang utawi ajar perang dhateng Abdidalem prajurit Seseliran, sarta ing sapunikanipun saki wa-tengenipun alun-alun wau wonten dhusun patilasaning pon dhokanipun para prajurit, kacihna saking namanipun.

Ing saben-saben ing ngriku wonten watang utawi ajar Perang tiyang ningali kathah sanget, sarta wonten ingkang sasade-an Ratengan utawi sanes-sanesipun, ngantos sapriki dados peken ngejraki tilas alun-alun wau. Inggih punika mula bu-kanipun peken ing Imogiri, pekenanipun ngangge dinten Senen kaliyan Jumungah. Beda kaliyan peken sanes-sanesepun - ing bawah Ngayogya, ngangge dinten pekenan (Pon, Wage lan salajengipun).

Menggah ingkang andherek sumare wonten ing ngriku, para - panjenengan Dalem NOTO prasasat sadaya, dene ingkang mbo-ten ndherek sumare ing ngriku, inggih punika :

1. INGKANG SINUHU MANGKURAT AGENG, Sumare wonten ing Tegal Arum. (Tegal).
2. INGKANG SINUHUN MANGKURAT MAS, Sumare ing Pulo Selon.
3. INGKANG SINUHUN PAKUBUWANA II INGGIH SINUHUN KOMBUL, Su mare ing Lawiyan (Surakarta).
4. INGKANG SINUHUN PAKUBUWANA VI INGGIH SINUHUN AMBANGUN - TAPA, Sumare ing Ngambon.
5. INGKANG SINUHUN AMENGKUBUWANA II ing Ngayogya, ingkang sinebut SINUHUN SEPUH, sumare wonten Pasar Gedhe Ngayoga, andherek sumare INGKANG SINUHUN SULTAN PAJANG ingkang sinebut : DHATUK PALEMBANG, utawi nunggil INGKANG SINUHUN BALEKAJENAR punapa malih INGKANG SINUHUN HANYOKROWATI ingkang sinebut SINUHUN SEDA KRASYAK.

Dumuginipun sapunika putra Wayah Dalem prasasat sadaya andherek sumare wonten ing Imogiri. Wonten ugi kawula dalem ingkang andherek. Nanging punika kalebet Miji.

JAMANIPUN KARATON ING KARTA, MATARAM.

Naliko jaman semanten, (SULTAN AGUNG) ing Tanah Jawi teñ trem gemah Ripah raharja, manahipun Tiyang alit-alit sami-seneng, jalaran einengku Ratu ingkang linangkung. Punapa - malih, mirah Sandhang lan Tedha, INGKANG SINUHUN punika ru-kunipun dhateng Agami Islam, lan kenceng sanget, sarta remen sanget nengenaken dhateng Santana sarta Kawula ingkang sugih kasagedan lan Kakendelan. Kadosta : Pangeran PURUBOGYO seda godog, ingkang sumare ing Wotgaleh, Ngayogya, Pangulu Kategan, Kaji Tegal, Kyai Wonokriyo ing Blambangan, Ki Pangat abdidalem Pakathik lan sanes-sanesipun. Kajawi - punika tetelukan saking Sabrang ugi kathah. Ngantos Jaman-samanten mèh pulih kados naliko Jaman Mojopait.

13. Cariyos ingkang perlu-perlu taksih salebetipun KARTA MATARAM.

INGKANG SINUHUN kagungan abdi Pakathik ingkang nama Pangat, inggih ingkang nama KI SINGA, punika sanget kinasih, awit

saking saged anujuprana sarta Limpat ing Ngelmi, Dangu ningdangu sinengkakaken ing Ngaluhur, winisudha dados wa-rongko-Dalem (PATIH) nama Patih SINGORANU.

II.

Yasan Dalém dadamel waos ingkang mawi sekarpala, inggih punika Pamor adeg tengah, tinepi ing wos wutah, punika piningit sanget para abdidalem Empu kadhawuhan mboten kengingsami damel.

III.

Sadaya para trah Mataram kedah pinardi sastra tuwin gendhing, manawi nganthos cotho, mboten kahaken darahing Mata ram.

IV.

Kathah Yasan-Dalem serat-serat, pola seratan sarta gendhing kadosta : serat sastra gendhing, pola bathikan Huk, gendhing Semang lan sanes-sanesipun, punika saengga samangke Karaton kakalih Ngayogyo lan Surakarta taksih sami ngluhuraken, Tan dhanipun kadosta : Gendhing Semang punika kengingipun namung wonten ing salebetting kadhaton.

V.

INGKANG SINUHUN karsa nanem gayam wonten ing dhusun Lipura, bawah Ngayogyo, yen wit gayam wau ngantos sekar, punika dados pratondha : Manawi para among tani badhe mboten kamedalan tanemanipun. Nanem wit ingkang ronipun warni pitu wonten ing Girilaya, nanging wit wau sampun pejah. Namung ingkang wonten ing Pasarehan Imogiri taksih gesang, inggih punika wit satunggal ronipun sakawan, ingkang dados lajeripun wit; Nogosari anggadhahi empang 3 (tiga) ingkang ngandhap-wit Asem, wit Prih kaliyan Bibis.

VI.

Taksih panunggilanipun titilas ing SULTAN AGUNGAN, nanging cekap kula punggel samanten kemawon, kadosta : Salak ing jenu, ingkang misuwur ecanipun. Ringgit Gedog, Ringgit Purwa, dadosipun katatah wonten wacucal, lan sanes - sanesipun.

14. Wawaler

INGKANG SINUHUN kagungan Wawaler : Tumrap dhateng trah-tumerah Dalem, sampun ngantos wonten ingkang :

1. Ngagem waos landhean kajeng wregu,
2. Nitih titihan Bendono, lan
3. mboten saged sastra kaliyan Gendhing kadosdene ingkang sampun kasebut ing ngajeng.

Dene sababipun :

1. Nalika SINUHUN karsa ngrapyak sangsam sarta kidang dhateng Redi Kidul, wonten satunggaling sangsam ingkang galak, mbokmanawi saweg gadhah anak, sarta kapengkok ing plajengipun, ing ngriku nyander murugi dhateng INGKANG SINUHUN, nanging kataduhanan Woa Handhemaniipun lajeng andhawah pejah, Kacarios saking santering panaut, landhean wau ngantos malengkung, dados pucuking Singat Sangsam saged anggayor Wentis Dalem. Inggih punika waos ingkang mawi landhean kajeng wregu, ingkang damel nama Emu Cindheamoh, sarta waos wau adhapur tegawarna. Menggah Emu Kyai Cindheamoh, inggih andherek adadagan wonten ing Imogiri, kapernah wonten sawetan Pasarehan. Pasarehan Dalem, nanging wonten sajawining Gapuri.
2. Titihan bendono punika namung sabab saking mutawatosi.
3. Sampun kajarwa ing nginggil, awit INGKANG SINUHUN wau remen sanget dhateng tembung Kawi. Kasustran kaliyan Gendhing.

15. S I T I M L U W A

Saleripun pasarehan caket wonten Siti mluwa sakedhik, kaper nah pinggir lepen, siti wau tiyang padhusunan sami ajrih - anggarap, mbokmanawi pancen siti awon, dados mboten saged medal asilipun, utawi mbokbilih siti wau kahanggep angker, awit sampun jamak limrah tiyang padhusunan taksih remen memetri lemah sangar Kayu Ageng, dene sababipun makaten :

Siti mluwa wau ingkang rumiyin tlas kedhung, nanging lajeng kaurugan waled, ing sapunikanipun sampun wujud siti waradin nalika taksih dados kedhung, dipun angge tapa ambulus dhateng Kyai ing Girring ingkang kaping tiga, (Kyai Wonotoro) - sareng anggenipun tapa sampun dangu, lajeng wonten satunggaling Auliya langkung ing ngriku, sumerep wonten tiyang tapa Ambulus lajeng dipun takeni : Kowe tapa Ambulus ana ing kono perlune apa.

Wangsulanipun : kula namung badhe nunuwun dhateng Pangeran, ingkang kaweca wonten ing dawegan nalika embah kula Girring rumiyin Auliya ngandika malih : Sanajan mangkona, iya aja ana ing kono, mundhak medeni wong liwat, becik nyenthonganana ing Guwa kono. Kyai Girring III lajeng pindhah saking - ngriku lumebet dhateng Guwa. Mila katalahipun sapunika nama Kyai Senthong, sareng dumugining tilar kakubur wonten ing Girilaya. Dados tiyang ing dhusun sami ajrih nanemi pasiten wau, mbokmanawi ajrih dening tilasing pratapan. Menggah ingkang katagih Kyai Senthong, punika ingkang kawah ya wonten ing serat babad kados ing ngandhap punika.

SEKAR DHANDHANGGULA

Kyai Girring angling jelah-jelih, turun lima kula ingkang gadhah tan rinungu meksa ngeyel, turun kapung nemipun, awit kula kang gadhah waris, Ki Juru nolih mojar, kula mbotten-angsung, ngantos mbenjing mbotten suka, Kyai Girring denya-ningling ajelah-jelih, Adi turun ping Sabta.
Kyai Ageng Pamanahan angling, turun pinten-pintena tan suka, mungna turun kula dhewe, sirik ujaring ngelmu, ananggu pi tan krana yekti, Ki Girring lega tyasnya, dene wus sumaur, sarwi nolih gennya nabda, Kyai Girring wangsl linggihaneng panti, bojone kang tinetah.

16. BABARIPUN KYAI AGENG SENTHONG (WANATARA)

KYAI AGENG SENTHONG puputra panembahan ROMO inggih PANGERAN KAJORAN, PANGERAN KAJORAN puputra estri kakalih, ingkang pambajeng kagarwa dhateng PANGERAN WIROMANGGOLO, inggih punika kaleres ingkang rayi PANGERAN PURUBAYA seda Godog, dene adinipun dados semahipun TRUNAJAYA.

Kacariyos Pangeran WIROMANGGOLO kadakwa ambalela ing Ratu mila INGKANG SINUHUN MANGKURAT AGENG lajeng utusan pangeran PURUBAYA nyedani ingkang rayi wau, sasampunipun pangeran WIROMANGGOLO seda, ingkang garwa (Jayah Kyai GIRING - III) saweg ambobot tigang wulan.

Kacariyos garwanipun anem SINUHUN MANGKURAT AGENG ambabar putra nanging medal bungkus, lajeng kaparingaken dhateng Pangeran Kajoran andikakaken ngruwat, wasana linintu putra titilaranipun Pangeran WIROMANGGOLO, ingkang dinten punika inggih saweg lair, SANG NOTO sanget dhangan ing panggalih, lajeng ingkang putra wau sareng sampun diwasa, kajunjung PENERAN, nama PANGERAN PUGER inggih punika ingkang jumeneng NOTO ing Kartasura, jujuluk INGKANG SINUHUN PAKUBUWONO I. Dados wiwit SENOPATEN dumugi PUGERAN tetep kapung pitu. Mantuk prajanjianipun nalika jaman ing GIRING I prakawis wau supados marem ing panggalih, prayogi kula pethikan ken saking Serat Babad NITIK, kados ing ngandhap punika.

SEKAR ASMARADANA.

..... Garwa saking Surabaya. Puputra Pangran Dipati, Mataram De garwa NATA, ingkang anem mangke mbobot, wus prapta samaya babar, tan limrah ing ngakathah, miyos lir bligo kung bungkus, SANG NATA emut ing driya.

Tuhu yen NARENDRA sidik, datan kikilapan patrap, ing bab ingering Karaton, datan liya trah MATARAM, mung GIRING dadys beka, nguni SANGNATA kasiku, dene nguni reh kabranan. Duk kalanira nyedani, jeng Pangran WIROMANGGOLO, dereng kosus ing kukume, mangka wus katrapan pejah, nuju kang garwa wawrat, babar jalu warna bagus, sareng garwane SANGNATA.

Babar warna tan prayogi, uga pamelehing SUKSMA, NARPA sru tobati mring MANON, arsa miminta mrih samar, sinungken mring Kajoran, kinen angruwat Sang WIKU, Panembahan langkung suka Bayi binekta jro panti, linintonan putranira, Pangran Wiro-manggalane, sinung duta wus binakta, katur marang SANG NATA langkung suka SANGA PRABU, sawusnya ngalama-lama.

Diwasa sinung wawangi, Pangran PUGER kawarnaa, gantya ing-kang winiraos, Pangran ing Surabaya, Ngingah Ayam Begisar , estri temah dados jalu, warnanya kalangkung endah.

17. Bdhe Parehan Dalem INGKANG SINUHUN
HAMENGKUBUWONO VII ing NGAYOGYA
Ingkang wonten Imogiri Gen-
than.

Guwa tilas pratapanipun Kyai-SENTHONG, sapunikanipun sampun dipun urugi, awit badhe kagem pasarehan Dalem INGKANG SINUHUN HAMENGKUBUWONO VII ing Ngayogya, Pasarehan wau bagus sarta jembar nanging wragadipun inggih kathah sanget, awit saking sungil panggenanipun, papancenipun waragad sadintenipun 100 rupiyah, ananging yen dinten ageng utawi Jumungah mboten kagarap, menggah laminipun anggarap ± pitung tahun, punika dereng rampung babar pisan, dados waragadipun sampun telas ± 200.000 rupiyah. Manawi nitik papanipun, inggih layak kemawon manawi telas samanten, awit ingkang mungkul dipun papras, ingkang ledok dipun urug, ngantos wonten urug-urugan ingkang lebetipun 50 M. sarta reginipun wedhi, banon lan bondha sanesipun inggih mindhak, jalaran pambektanipun-menggah marginipun rumpil, wewah-wewah payoning bangsal-ingkang kahangge sabak (Lei), Menggah ingkang mandhegani-padamelan wau Raden Rivo Prawiroyudo, Abdidalem Wadana Jurukunci, yen kula nitik pasang rakitipun, sanajan Raden Riy^a Prawiroyudo wau mboten nate sekolah, sampun anggumunaken.

18. PASAREHAN ING GIRILAYA.-

Pasarehan ing Girilaya punika menggah purwanipun sarta ing-kang mangagengi sumare, sampun kajawa ing ngajeng, nanging pasarehan wau mboten ngangge Dalem Cungkup, kajawi namung Pager Banon kemawon, ing ngriku ugi kareksa dening Jurukunci, apangkat Mantri saking Ngayogya lan Surakarta, ingkang kaereh dhateng Wadana Jurukunci ing Imogiri piyambak-piyambak. Ing ngriku ugi wonten Masjidipun ingkang mentas kawan gun enggal.

19. PASAREHAN ING BANYUSUMURUP.

Pasarehan ing Banyusumurup punika kapernahipun wonten saki-dul Wetanipun Pasarehan ing Imogiri, tebihipun watawis sapal, dunungipun wonten salengkeh-lengkehing Redi, menggah ingkang mangagengi sumare kadosta : KANGJENG RATU MANGKURAT (Garwanipun INGKANG SINUHUN MANGKURAT KENCET), Pangeran Lamongan, Pangeran PEKIK, Raden Ayu CONDHONG, Raden Adipati

DANUREJO I (ananging namung kantun tilas kemawon, jalaran sampun dipun putar), Raden RONGGO Prawirodirjo (inggih punika ingkang nyambeti nganggit serat Damarwulan, wiwit Damarwulan kabegal). Dene sadaya ingkang sumare wonten ing ngriku, punika ingkang sami dosa dhateng panjenengan Dalem NOTO. Dados kadosdene Pasarehan mirungan, ing ngriku wonten pethi tanggel satunggal, kadekek wonten ing Pangeret - ing Dalem Cungkup, saking cariyosipun tiyang ing ngriku pethi wau tilas wadah mustakanipun Raden Ronggo Prawirodirja ingkang kasebut ing nginggil. Ananging sareng kula cocaken dhateng priyantun ingkang darah Sokawati, punika sulaya, ing saleresipun pethi wau tilas wadah mustakani - pun Pangeran JOYOKUSUMO, ing sapunika kula nyumanggakaken-dhateng para ingkang ahli babad. Karaton kalih, Ngayogya - lan Surakarta ugi amaringi Jurukunci piyambak-piyambak, ingkang sami kahereh dhateng Kawadanan ing Imogiri, Jurukunci wau sami manggen ing dhusun ngriku, kaprenah Sakilen Pasarehan. Ing ngriku ugi wonten Masjidipun kadosdene ing Giri laya.

Tiyang ing ngriku kathah ingkang sami dados kemasan, sarta misuwur sage-saged lan sae dadamelanipun. Ananging reh - ning wonten tanah padhusunan lan punggir pager redi, dados papajenganipun kirang majeng, ingkang makaten wau andados aken thukuling pakarti awon. Awit lajeng saiyeck sami remen malsu barang-barang, temahan lajeng misuwur namanipun ingkang awon wau. Sareng ing Imogiri dipun wontenaken Pagan - tosan Gupermen, satemah padamelan awon wau kerep kabelek , mbokmanawi pagantosan wau dados dokteripun para kemasan - ing Banyusumurup, sageipun mentas saking pandamelan awon wau.

20. DHUSUN ING KAJOR .-

Sakidulipun Imogiri wonten dhusunipun nama Kajor, tebihipun watawis tigang pal, inggih punika tilas Dalempun Pangeran KAJOR, (Panembahan ROMO ingkang sampun kasebut ing ngajeng) sanajan ing ngriku sampun mboten katingal tilasing Dalem, - ewadene wonten titkanipun, inggih punika wonten pasarehanipun garwa ing Kajoran tunggil kaliyan kuburipun Rara Mendut tilas kalangenanipun Wirogunan ingkang binendhang dening - Pranacitra. Pasarehan wau dumunung wonten ing sukunipun redi alit, ingkang dados pupundhenipun tiyang ing ngriku. Dhusun Kajor punika ageng panjang, ngantos karang dados kalih, inggih punika Kajor Kilen lan Wetan, Pasitenipun sae sanget, awit katiga rendheng kenging dipun sabin, toya mboten kikirangan, mbok manawi punika ingkang dipun wastani ba nyu tumumpang.

Ing dhusun ngriku wonten sumberipun satunggal, ingkang dipun pepetri sanget dhateng tiyang ngriku, tiyang ngriku sami seneng sanget dhateng Tayuban, malah manawi reresik dhusun, mawi wilujengan wonten pinggir sendhang, punapa malih tayuban.

21. GUWO ING CERMIN.-

Guwo ing Cermin punika kaprenah ing sa-Kidulipun dhusun ing Kajor, tebihipun watawis : $1\frac{1}{2}$ pal dumunung wonten tawingi-pun redi, cangkeming Guwo majeng Mangaler, wiyaripun wata-wis : 4 meter, lan inggilipun : 2 meter, ing nglebet kados-dene lurung ingkang panjangipun pinter meter lumebet wonten sangandhaping paraden ing Apdheling Gunung Kidul, malah saking cariyosipun tiyang ngriku, panjangipun Guwo wau tanpa wates, jalaran sambet-sumambet kaliyan Guwo sanesipun, sapanjanging Guwo wau wonten toyaniipun mili katiga rendheng, menggah utahipun toya wonten sakilenipun cangkeming guwo-caket, lajeng kangge pangangsonipun tyang sakiwa tengenipun ngriku, dados saking Pamanggih kula guwo wau panci margi toya (lepen) ingkang lampahipun kahalang-alangan pasiten ing Apdheling Gunung Kidul. Cangkemipun Guwo wau wonten areng-beseman sela (Menyan) ingkang munthuk-munthuk kados tumpeng Amracihnnani manawi kathah tiyang ingkang dhateng ngriku. Saking cariyosipun ingkang kawajiban nengga (Jurukunci) tiyang ingkang dhateng mila kathah, sarta mboten ngemungaken-tiyang ing Ngayogya kemawon, sanajan tiyang Monca inggih kathah, nanging mboten wonten ingkang sami sipeng, jalaran-ajrih papacakipun nagari, ingkang sami sajarah wau, terka-dhang wonten ingkang lumebet nurut ilining Yoya ing Guwo, namung sadumuginipun utawi sawantunipun kemawon, ananging-kedah ambekta kanthi tiyang pribumi, sarta sami ambekta-obor kathah, awit ing lebet peteng sanget, sarta mboten na-te kenging soroting surya, kula nalika mriku katantun-de ning Jurukunci : lumebet punapa mboten ananging kula mboten purun, jalaran saking ajrih, awit saking pamanggih kula, hawa ing ngriku punika rehning boten nate kenging soroting-surya, dados kirang prayogi; punapa malih kula ajrih mbok-manawi kathah saweripun, ewa samanten saking cariosipun tiyang ing ngriku, dereng nate wonten tiyang sajarah mriku la jeng ketiwasan.

Cangkemipun guwo wau ingkang sisih kilen wonten banonipun-pitung iji, Banon wau ageng-ageng sarta panjang, mbok manawi damelanipun tiyang kina, awit ing Jaman sapunika mboten-wonten banon ingkang samanten agengipun, menggah warninipun Jene Enem, kadosdene Banon wedalan sapunika ingkang pambes-minipun taksih mentah, kula lajeng mendhet satunggal, perlu kula ureg-ureg ngangge pemes, damel aksara latin nama kula, ananging kauningana, jebul Banon wau atos sanget, ngantos-pemes punika risak. Namung ingkang dados gumuning manah kula, punika sarehning wonten ing ngriku wau panggenan ingkang nyloho, teka andadak wonten Banon-banonipun, malah go-tekipun tiyang kathah, nalika Pangeran DIPONEGORO badhe lolos, mawi tindak mriku terus dhateng Guwolangse, (mriksana-na babad Diponegoro).

Sawetanipun caket wonten guwanipun alit, ingkang dipun wastani guwa kaum, kaoling ujar, pundi ingkang kepengin enggal saged angaos (Ngaji Arab) kedah sujarah mriku, sakilenipun-wonten guwa malih, ingkang dipun wastani Guwo Taledhek, pundi ingkang kepengin dados ringgit Taledhek ingkang sae, uta wi dados niyaga, inggih kathah ingkang mriku, dados kados-dene Sendhang Badhaya kaliyan Sendhang Badhut ing bawah Temanggung.

Prakawis wau, saking pamanggih kula, mboten kok saking sawabipun Gúwo utawi sendhang, ananging namung saking anteping manah, kemawon, dados gugon tuhon wau, namung kangge ngantebaken antep ing manah, gelar yektinipun, sanajan sujaraha dhateng jabalkat pisan, nanging yen manahipun majeng mundur, inggih mboten dados makaten ugi kosok wangslipun.

22. PASANGGRAHAN PARANG TRITIS

Parang tritis punika namaning pasanggrahan, ingkang dumunung ing pinggir pasisir, Kidul bawah Nagari Ngayogyakarta prenahipun saking Nagari, kidul semu Ngetan, tebihipun watwis : 3 $\frac{1}{2}$ pal, perlunipun kangge sudhiyan para luhur utawi para tuan-tuan Walandi ingkang sami lalangan mriksani-saganten, mila ing ngriku ngantos dipun degi grya pasanggrahan, jalaran saking kerepipun karawuhan tamu, ugi saking-liyan praja, ngantos wonten Tuan Walandi ing kabudidayan-Pleret ngedegaken Toko Jiwit tanggal : 1 Januari 1914, kilap sapunikanipun.

Ing ngriku wonten tukipun bening anyerong ingkang mili saking pakempalaning tetesanipun etuk, ingkang dumunung wonten tawing ing redi, tuk wau dipun talangi lajeng anjog-dhateng kulah. Ing pasanggrahan ngriku punika nyenengaken manah sanget, awit saged ningali saganten ageng, ingkang alunipun ageng-ageng anempuh parang, tuwin malampah-malam-pah wonten ing Gisik, ngiras pantes ningali jingking, undur-undur, eca lan tiyang-tiyang ingkang pados ulam ing saganten, mila ing ngriku tamu tansah kesah dhateng, saya malih manawi ing dinten sae, kadosta : malem salikur wulan Siyam, Jumungah Kliwon, anggarakasih lan sanes-sanesipun, ing ngriku kebak tiyang sami nyenengaken manah.

23. PASANGGRAHAN PARANG WEDANG.

Sakilenipun Parang Tritis caket, wonten Pasanggrahan malih ingkang dipun wastani Parang Wedang, ing ngriku wonten tukipun umbul ingkang toyanipun benter, raosipun asin, leteng sarta pait, sampun jibles kados tuk umbul ing krakal, bawah Apdheling Kebumen, miturut cariyosipun tiyang saged ing Ilmu pamisah, ingkang kawahya ing Serat kabar ; Retna Dumilah, umbul benter ing Parang Wedang punika campuran saking sarining pepelikan wolung warni, manawi ing krakal, - sadasa warni, sarehning toya wau kenging kangge jampi sawarnining sasakit, mila lajeng dipun yasani senthong-senthongan sarta kulah, kangge tiyang-tiyang ingkang sami tirah sakit. Dados saya tetela manawi ing ngriku punika panggenan ingkang anyeyengaken sanget, awit panggenan-panggenan patirahan, kaplesiran ugi sajarahan.

Salebetipun tahun : 1917 INGKANG SINUHUN KANGJENG SUSUHUNAN X sakalihan garwa-Dalem KANGJENG RATU EMAS tedhak ing ngriku, malah ngantos siram wonten ing saganten.

24. PATILASANIPUN SEH MAOLANA MAGRIBI.

Saler-Kilenipun pasanggrahan Parang Wedang, wonten patilasanipun SEH MAOLANAMAGRIBI, dumunung wonten sapucaking redi alit, tiyang ngriku mastani pasarehanipun SEH MAOLANA - MAGRIBI, dene patilasan wau kaentha kados pasarehan (Kuburan), ing ngriku wonten Jurukuncinipun, tiyang-tiyang ingkang dhateng kathah ingkang merlokaken sajarah mriku, malah wonten ingkang nyadran, tiyang ing sakiwa-tengenipun ngriku sami mundhi-mundhi sanget.

25. PASAREHANIPUN SEH BELA BELU KALIYAN
SEH DAMIAKING.

Sakilenipun caket kaliyan patilasanipun SEH MAOLANA MAGRIBI wonten pasarehanipun ; SEH BELA BELU kaliyan SEH DAMI AKING ugi dumunung wonten sapucaking redi alit, menggah kawontenanipun ugi mboten sewah kaliyan patilasanipun : SEH MAOLANA MAGRIBI. Kula pitados kadospundi mulabukanipun patilasan - wau, saking cariyosipun tiyang ngriku mboten patosa terang wonten ingkang nerangaken : wonten tiyang kakalih mratapa, wusananiipun ngantos dumugi tilar wonten ing **ngriku**, wonten malih ingkang cariyos : manawi punika namung patilasan, naliikanipun SEH SITI JENAR bantah ngelmi (nyoba) dhateng gurunipun, inggih punika SUNAN BONANG, Wonten malih kaoling - serat, manawi punika putra ing Mojopait ingkang pungkasan , larahipun makaten :

Nalika jaman Mojopait pungkasan, sareng Nagari sampun bedhah Putra Dalem (Mojopait) ingkang sami mboten teluk dhateng - Agagi Islam, bibar ngungsi dhateng sanes nagari, utawi sapurug-purug, wonten ingkang dhateng Bali, Madura, Surabaya, Banyumas, lan sanes-sanesipun, lajeng putra ingkang angka: 32 nama Arya Dhandhun, kaliyan ingkang angka : 33 nama Arya Dhandher sagarwa kadharang-dharang dumugi ngriku, (Pasisir) kentheling karsa namung badhe amartapa, sarta sami asisilih: ingkang sepuh nama : SEH BELA BELU, ingkang nem nama SEH GA GANG AKING, menggah anggenipun mratapa, makaten: ingkang sepuh wau rinten dalu namung Brthak, (ngliwet) serta mboten sare-sare. Dene ingkang nem mboten nate dhahar punapa-punapa, ananging sare kemawon, ing wasananipun kalih-kalihipundados MUKMIN-KAS, menggah garwa putra sami dhudhukuh wonten sakilenipun pasarehan, ing sapunikanipun nama Dhusun Grogol Dados yen makaten kadosdene Harya BARIBIN, Harya Wargautama ing Wirasaba, bawah ing Banyumas.

Tiyang sauruting ngriku panggautanipun sami ngupados ulam saganten. Malah ingkang suwau panggautanipun ingkang ageng damel sarem tamper, ananging sareng tahun : 1915 tiyang - wau kaawisan damel sarem sarta dipun pensiun manut undha-usuking pamedalipun sarem piyambak-piyambak, dene ing Ngayogyo lajeng dipun sadeni sarem briket dening Kangjeng Gupermeh. Dodos wiwit punika sirnaning sarem tamper ing ngayogyo.

26. GUWALANGSE .

Guwa Langse punika sawetanipun PARANG TRITIS, tebihipun ka dugi : 2 pal dumugi sapinggiring saganten, guwa wau misu-wur yen ing kinanipun kerep karawuhan para WĀLI, luluhur-sarta tiyang saking pundi-pundi, katondha ing ngriku kathah Tapak asta, (teken) ingkang kaserat wonten ing balabag sarana kagaris ngangge pemes, marginipun wonten warni kалиh, ingkang satunggal medal ing nginggil, (dharatan), ingkang satunggal medal ing saganten (nyabrang), nanging tiyang ingkang sami mriku kathah ingkang milih medal sagan-tan, awit medal ing nginggil (dharatan) punika marginipun-rumpil sanget, punapa malih mutawatosi, wondene medal saganten punika, ugi kathah mutawatosipun, awit saupami saweg nengah-nengahi nyabrang, manawi lajeng katungkeb ing alun ingkang badhe nempuh parang, inggih saged tiwas.

Manawi badhe mriku kedah kanthi tiyang bumi, ingkang sampun pana dhateng ageng-alitipun toya saganten, sarta saged angen dhateng kesahipun alun, menggah marginipun saking parang Taritis mangetan waradin, sareng dumugi ing Parang Endog lajeng minggah urut sapinggiring saganten, ing ngriku - ngambah pareden ingkang awujud sela-sela curi (rumpil).

Sareng dumugi ing pantog, ing punika Parang Curi ingkang - wiyaripun ± 6 meter, ing ngriku taksih tinempuh ing alun. Dados manawi badhe langkung kedah ngentosi robipun alun.

Manawi tiyang dereng sumerep dhateng tangguhipun alun, temtu badhe katempuh ing alun, menggah sagedipun ngatangi punika mandhet saking punapa, kula kirang terang yen sampunsaged anglangkungi ngriku, terus mangetan ngenceng mangidul sakedhik, lajeng nekuk iinggah ing redi curi sarana - rambatan cepengan bondhot-bondhotan, lajeng wonten sela ageng ingkang tengahipun bojong (ngumpleng), inggih kedah medal ngriku, sasampunipun medal ing ngriku, lajeng dumugi ing sela Gethek. Saking carisipun tiyang ngriku, Sela Gethek punika ingkang suwau awijud Kajeng Jati, tilas agemipun SEH MOLANA MAGRIBI, mila dipun wastani Sela Gethek.

Awit wangunipun mila kados gethek, Menggah carios wau : Walaalu alam. Nanging saking pamanggih kula, prakawis wau namung thukul saking pangothak-athik kemawon, jer watekipun bangsa kula Jawi, remen saha saged ngothak-athik basa, ing sarana saking sunduk prayoga, lampahipun lajeng mendhak - dhateng sapinggiring saganten, nglangkungi sela ageng je-jer kalih, ingkang longkangipun sajangkah, sela wau Curi-curi lancip, lajeng medhak dumugi sangajengipun Guwalangse menggah cangkeming guwa majeng Ngidul-Ngilen, inggilipun-cangkeming guwa, ing tengah : ± 2 meter, pinggir kiwa tingen, inggilipun : $\frac{1}{2}$ meter, wiyaripun : 10 meter, ing te-

ngah-tengah taksih wonten tebeng gagawangipun sarta ine-
bing kori, nanging sampun pisah gumlethek, sadaya wau ing-
kang dipun damel kajeng jatos, kula pitaken dhateng tiyang
ing ngriku : sinten ingkang ngyasani korining guwa ing-
kang sakalangkung kiwa lan elok panggenanipun punika, ti-
yang-tiyang ing ngriku mboten wonten ingkang terang, wiwit
saking embah-embahipun, inggih sampun maujud makaten, (mus-
tahil). Menggah blabag wau sampun kebak ciri asmanipun pa-
ra ingkang sami sajarah mriku. Saking cangkeming guwa medhak mangandhap ing pinggiripun saganten, inggilipun \pm 20
meter, salebeting guwa wonten sumberipun ingkang toyanipun
tawa (mboten asin), tur panggenanipun caket saganten, toya
wau bening anyarong, ingkang lebetipun \pm 10 meter, sa-
ngginggilipun sumber wau awarni Jene asasp-sapan, kados ti-
nata ginubah gubah, asri sanget tiningalan, menggah saking
pandugi kula, punika bangsaning tai-iyeng, ing ngriku won-
ten undhak-undhakanipun minggah katingal longopaning guwa
alit, ingkang wiyaripun $\frac{1}{2}$ meter, wiyaripun : 1 meter. Se-
la wau saking cariyosipun tiyang ingriku, tilas agem pasa-
rehanipun SEH MAULANA MAGRIBI. (Alahualam). Salebetipun gu-
wa, petengipun anglangkungi, mila manawi badhe lumebet ke-
dah ambekta obor.

T a m a t .

II.

JUMENENGIPUN CUNGKUP ING PASAREHAN
K U T A G E D H E

Amrate lakaken Asmanipun ingkang sami sumare
Ing Pasarehan KUTHA GEDHE, tuwin titi-
mangsa anggenipun Anjumenengaken
Cungkup, lan malih aneranga-
ken patilasan-patilasan
ing Sakiwa-Tengeni-
pun ing ngriku

Anggitanipun Raden Ngabehi Jayeng
Pranoto, Abdidalem Mantri Ca-
rik ing PAKUALAMAN, Nga -
yogyakarta.

Raden Mas Anu : Apa kowe sumurup patilasan kang ana ing
Kutha Gedhe.

Jurukunci : Inggih sumerep,

Raden Mas Anu : Mara aranana siji-sijine, lan ing ngendi
prenahe,

Jurukunci : 1. Pasarehan Astana ing Kitha-ageng,
2. Wringin Sepuh,
3. Sumberkumuning,
4. Seliran,
5. Sela Gilang akaliyan Sela Gantheng.

Pasarehan Astana punika kadugi wiyaripun meter pa-sagi manawi Banon mubeng tanpa lepan, namung kahaben gosok inggilipun Gapuri kadugi wonten : $3\frac{1}{2}$ meter, mawi konten Gapura, pernahipun wonten Kidul-Wetan, inepipun mawi kau-kir ingkang peni panggarapipun.

2. Wringin sepuh pernahipun wonten saki lening Bangsal pasowanan ing Kitha ageng, ingkang sisih Kidul, ing gledheng an Wetan ingkang njawi.
3. Sumber kumuning, sa Kilenipun Capuri Pasarehan.
4. Seliran, punika wujud balumbang ingkang kabanon mubeng inggilipun pager-Banon satunggal meter, ing sisih Kidul mawi bedahan kangge siram, utawi kangge angilekaken toya. Ing nginggil mawi dipun dekeki griya payon sirap, seliran wau wonten kalih panggenan, pancen papaning tiyang jaler, utawi papaning tiyang estri, pernahipun sami wonten sa Kidulipun Pasarehan.
5. Sela Gilang akaliyan Sela Gantheng, Kidul Wetanipun Wringin sepuh.

Raden Mas Anu : Kapriye mungguh caritane, ana ing patilasan mau.

Jurukunci : Menggah criyosanipun saking Bapa kaki kula makaten : Pasarehan ing Kitha ageng punika, ingkang sumare-para luluhur Dalem Ratu Jawi ing Surakarta kaliyan ing Nga-yogyakarta. Mila manawi wonten risakipun, ingkang dandosi inggi Ratu kakalih wau.

Wringin sepuh punika tuwuhipun sampun nalika saderengipun Kitha Matawis dipun iyasani, manawi sempal, asring dados alamat, badhe wonten para ageng ing Tanah Jawi ingkang seda.

Raden Mas Anu : Mangkono wau apa wis tamtu,

Jurukunci : Ingkang sampun kalampahan inggih makaten. Ananging inggih asring wonten para ageng seda, wringin sepuh-wau mboten sempal pangipun. Makaten malih kleyangipun : Lu mah-kurep ngalih jodho asring kangge sarananing kekesahan, supados manggih wilujeng.

Sumber Kusumaning, punika wujud balumbang, wiyaripun kadugi kalih meter, panjangipun tigang meter, pinggiripun mawi plisir Banon ingkang toyaniipun angclapi sarta saged mili, mawi tedheng pager banon, ananging mboten mawi griya, ing ngajeng kacriyosaken padusanipun para widadari, wontenipun inggih saderengipun wonten Kraton Matawis.

Seliran punika ingkang yaya KANGJENG SUSUHUNAN LEPEN, inggih punika WALI, pandamelipun nalika angysani Karaton Matawis. Jaman Panjenenganipun PANEMBAHAN SENOPATI, KANGJENG SUSUHUNAN LEPEN wau mentas tindak-tindak lajeng kampir, aparing priksa dhateng KANGJENG PANEMBAHAN SENAPATI prayoga-ning Wates pager Capurining Kraton, mawi angasta Lantingan,

kakarsakaken nurut ethuring toya. Ing sasampunipun, KANGJENG SUSUHUNAN wau sariranipun karaos sumuk, lajeng ange-cis siti medal toyanipun, kagem sarira (Awak-awak) sarta tuk wau lajeng kaparingan nama seliran, lestantun dumugi-sapriki. Kangge pamidhanginan sadhengah tiyang, ingkang sami nadar awit waluya anggenipun sakit, utawi kadumugen-sedyanipun, lajeng adus ing saliran wau. Toyanipun kaunjuk dados Wiyana.

Gilang punika wujud sela item, ingkang panjangipun kadugi kalih tengah meter, wiyar sameter, inggilipun satengah meter, wangun ambanon, cicriyosanipun, punika tilas palenggan Dalem KANGJENG PANEMBAHAN SENAPATI ING NGALAYA, ingkang amurwani yasa Karaton Matawisi.

Sela Catheng, punika wujud sela pethak, ingkang bunder ageng alit, cacahipun sakawan iji, ingkang alit piyambak-agengipun sajeram gulung, ingkang kapara ageng, cacriyosanipun : Punika tilas ameng-amenganipun Raden Ronggo, putra nipun KANGJENG PANEMBAHAN SENAPATI ING NGALAGA ingkang sampun kasebut ngajeng, mawi kapageran gebyog rujen, ing nginggil kapayu sirap.

Raden Mas Anu : Dadine Karaton Mataram wau dhék tahun apa, sarta banjure dadi pasarehan.

Jurukunci : Menggah dadosipun Karaton Matawisi wau, miturut pemutan ingkang tumrap ing banon Kelir Regol Masjid ing kitha ageng, regol ingkang Mangidul, adeg-adeg sapisan tumrap ing kelir ingkang sisih wetan, sastra Jawi, punika nalika tahun Jimawai 1500 dadosipun pasarehan nalika tahun 1528. Kadandosan amargi risak dening Lindhu, tahun Ehe 1796 utawi ing tahun Walandi 1867.

Raden Mas Anu : Mungguh ananing Cukup ing Kutha gadhe kang dadi pupundhen-Dalem Ratu Jawa, cacah pira, lan kang endi kang dadi bageyané Ratu ing Surakarta lan Ngayogyakarta.

Jurukunci : Cacahipun cungkup ageng tiga, ingkang ler piyambak namanipun Tajug, kidulipun nama Witana, punika bageyan ing Ngayogyakarta, kidulipun malih nama Prabayasa, agengipun ngungkuli Cungkup kakalih ingkang kasebu ngajeng punika bageyan ing Surakarta. Makaten malih tambahan ing empering Prabayasa ingkang sisih Kilen. Wonten ingkang dadas bageyan ing Ngayogya.

Raden Mas Anu : Apa kowe sumurup luluhur Dalem kang padha sumare ana ing Dalem Cungkup tetelu iku.

Jurukunci : Inggih sumerep, menggah ingkang panjenengan-sampean dangekaken punika, punapa sadaya mawi kula wijang asmanipun, punapa cacah kemawon.

Raden Mas Anu : Kang sumare ing Tajug lan Witana, sareh-nung mung sathithik, wijang-wijangan asmane, dene kang ana Prabayasa sarehning akeh mung sumurupna cacahé bae.

Jurukunci : Ingkang sumare ing Tajug cacahipun tiga, urut-tipun saking kilen mangetan :

1. Kangjeng NYAI AGENG HENIS.
2. PANGERAN JOYOPRONO.
3. KANGJENG KYAI DHATUK PALEMBANG.

Ingkang sumare ing pringgitan (Witana) ugi urut saking Kilen mangetan :

1. KYAI AGENG MATARAM.
2. NYAI AGENG MATARAM.
3. NYAI AGENG PATHI.
4. KYAI AGENG JUTUMARTANI (Ngandhapipun)
5. KANGJENG RATU RETNA JUMILAH.
6. KANGJENG RATU KALINYAMAT
7. KANGJENG PANEMBAHAN SENAPATI.
8. PANGERAN TUMENGGUNG GALAKBANING.
9. PANGERAN MANGKUBUMI,
10. PANGERAN SUKOWATI.
11. PANGERAN MARTASANA.
12. PANGERAN SINGASARI.
13. PANGERAN MANGKUNAGORO.
14. PANGERAN TEPOSONTO.
15. KYAI TUMENGGUNG MAYANG.

Ingkang sumare ing Prabnyasa cacahipun : 64 wondene ingkang kapetang ageng :

1. INGKANG SINUHU SEDA KRASYAK.
2. INGKANG SINUHUN KANGJENG SULTAN II.
3. KANGJENG RATU SULTAN.
4. KANGJENG RATU MAS TINUMPUK.
5. KANGJENG RATU MAS PATHI.
6. KANGJENG RATU SASI.
7. KANGJENG PANEMBAHAN MANGKURAT.
8. KANGJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI PAKUALAM I.

Raden Mas Anu : Mungguh pasarehane KANGJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI PAKUALAM II sarta ing sapiturute kang jumeneng ing PAKUALAMAN iku Pasarehane ana ing ngendi.

Jurukunci : Manawi pasarehanipun KANGJENG GUSTI PAKUALAM kaping kalih, kaping tiga : utawi ingkang kaping sakawan , ugi andherék adadagan wonten ing pasarehan Kitha ageng manawi Cungkup wonten sawetanipun Prabayasa, Dene KANGJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI PAKUALAM kaping gangsal utawi ingkang kaping nem, sumare wonten ing Asna Girigonda. Inggih punika wonten tanah kilen Pragi Bawah PAKUALAMAN.

Raden Mas Anu : Apa kowe sumurup titi mangsane nalika jumeneng ing TAJUG, WITANA lan PRABAYASA.

Jurukunci : Inggih sumerep, ananging jumenenging TAJUG, WITANA punika mboten sareng kaliyan jumenenging PRABAYASA.

Raden Mas Anu : Jumenenge dhék tahun apa, lan kapriye laku lakune.

Jurukunci : Jumenengipun Tajug kaliyan Witana, punika sale betipun tahun Be angka 1832 utawi tahun Walandi 1902.

Wondene lampah-lampahipun, enget-engetan makaten : Dinten jumenengipun, Abdidalem Methakan sami kakarsakaken Tahlian wonten ing Pasarehan, enjingipun Kangjeng Raden ADIPATI DANUREJA sakalerehanipun sami sowan dhateng Kithageng, Pangangge ageng, lajeng anjumenengaken TAJUG kaliyan WITANA wau, Kajenengan dening Kangjeng Gusti PANGERAN ADIPATI ARYA MANGKUBUMI, akaliyan Pangeran sanesipun.

Raden Mas Anu : Junenoge PRABAYASA dhek tahun apa, kapriye laku-lakune.

Jurukunci : Jumenengipun nalika ing dinten Jumungah Paing tanggal kaping 14 Rabingulakir, Wawu 1833 utawi kaping 10 Juli angka 1903.

Saderenge dinten Jumenengipun, Barang Kajeng-kajeng dandasan saking PRABAYASA wau kabekta sepur saking Surakarta, lajeng kajujugaken wonten ing palataran pasentulan Kitha Ageng, wondene dandosan wau mila sampun kagarap rampung - wonten ing Surakarta, dhatengipun wonten ing Ngayogyakarta sampun kantun angetrapaken kemawon, sareng malem Jumungah Paing ingkang sampun kasebut ngajeng, para Abdidalem Pame-thakan sami kakarsakaken Tahililan wonten ing Pasarehan, en-jingipun jam : 8 KANGJENG RADEN ADIPATI SOSRODININGRAT PA-PATIH DALEM ing Surakarta kaliyan Kangjeng PANGERAN ANGABE HI, sarta PENGGRAN sanesipun sami rawuh, kadherekaken para priyayi abdidalem ing Surakarta, sami Kapalan sadaya, pangangge Prajuritan, wonten ing sepur kapethuk dening Pangeman Putra DALEM tiga, Bupati Nayaka ing Ngayogyakarta satunggal, sarta Bupati Pulisi kanthi kalerehanipun ing sawatwis, sami andhererekaken dumugi ing kitha ageng. Dunungi pun Bangsal Pasentulan ing Kitha ageng kapethukaken dene Kangjeng Raden Adipati DANUREJO, Papatih Dalem ing Ngayogyakarta, kaliyan para Pangeran ing sawatwis, Kangjeng Raden Adipati ing Surakarta langjeng lenggah ing Bangsal Pasentulan ingkang ler, kangjeng Raden Adipati ing Ngayogyakarta lenggah Bangsal Pasentulan ingkang Kidul, sawatwis Kangjeng Raden Adipati kakalih lajeng Jumeneng kanthen Asta, anjumenengaken Saka Guru ingkang ler Kilen, baktani pun lajeng lenggah Bangsal Pasentulan malih, kaladosan dhar Wedang, sawatewis lajeng lenggah dhahar wonten ing Surambi lumeber dumugi ing plataran Masjid, mawi dipun Tarubi, sawatewis Kangjeng Raden Adipati SOSRODININGRAT sarta para pangeran ing Surakarta kondur.

Raden Anu : Mungguh wawangunaning Cungkup mau kapriye, kang angundhageni sapa.

Jurukunci : Manawi ing bageyan Ngayogyakarta, wawangunani-pun sae sarta prasaja, ingkang angundhageni panggarapipun Raden Tumenggung Mangunkusumo, ingkang bageyan Surakarta, sarwa santosa sarta akanipun mawi kaukir ingkang sarwa - adi garapanipun ingkang angundhageni Raden Tumenggung Wrek sodiningrat.

Raden Mas Anu : Sapa kang kagungan karsa amulyakake Dalem Cungkup kang padha kasebut mau.

Jurukunci : INGKANG SINUHU KANGJENG SUSUHUNAN PAKUBUWANA - SENAPATINING NGALAGA NGABDUR RAHMAN SAYIDIN PANATA GAMA - ingkang kaping Sadasa ing Surakarta, utawi INGKANG SINUHUN KANGJENG SULTAN HAMENGKU BUWANA SENAPATI ING NGALAGA NGABDUR RAHMAN SAYIDIN PANATA GAMA KALIPATOLAH ingkang kaping PITU ing Ngayogyakarta.

Raden Mas Anu : Sapa kang kagungan karsa mulyakake Dalem Cungkup ing Kutha gedhe bagéyan PAKUALAMAN.

Jurukunci : Ingkang kagungan karsa mulyakaken, KANGJENG PANGERAN HARYA SASRANINGRAT, ingkang kabebahan anindakaken : panguasa paprentahan ing Pakualaman. Wondene menggah jumenenging Cungkup wonten ing tahun Be angka 1832 utawi tahun Walandi 1903.

Sarta sekaran sela, agengipun para Ageng ing PAKUALAMAN, mawi karengga ukir-ukiran, ingkang peni panggarapipun, ingkang angundhageni Raden Mas Panji Gondoatmojo. Makaten malih angyasani Dalem Cungkup wau amarengi dinten Akat Kaliwon tanggal kaping : 8 Jumadilawal Wawu 1833, utawi kaping: 2 Agustus 1903.

Wondene ingkang angyasani sekaran-Dalem Kangjeng GUSTI PANGERAN ADIPATI PAKUALAM kaping : V utawi kaping VI punika-KANGJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI HARYA PRABU SURYADILAGA, - ingkang Jumeneng kaping VII, mawi sela Marmer garapan Bangsa Eropah, inggih peni panggarapipun.

Manawi sampun mboten wonten pandongan panjenengan sampeyan malih, kula kalilana mundur.

Raden Mas Anu : Iya wis tak lilani.

--- Tamat ---

TIDAK UNTUK DIPERJUAL BELIKAN

Per
Je